

Tembang Macapat

Tembang macapat uga diarani tembang cilik. Tembang macapat lumrah anggone nembangake kapedhot papat-papat yaiku patang wanda-patang wanda.

Tembang macapat ana 11 yaiku :

- | | |
|-----------------|-------------|
| 1. Asmaradana | 7. Megatruh |
| 2. Durma | 8. Mijil |
| 3. Dhandanggula | 9. Pangkur |
| 4. Gambuh | 10. Pocung |
| 5. Kinanthi | 11. Sinom |
| 6. Maskumambang | |

Kabeh tembang macapat diiket dening aturan 3, yaiku :

- Guru gatra yaiku cacahé gatra saben sapada
- Guru wilangan yaiku cacahé wanda saben sagatra
- Guru lagu/dhong dhing yaiku tibaning swara ing pungkasaning gatra

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !

- | | |
|-------------------------------------|---------------------|
| 1. Tembang macapat uga diarani | |
| a. tembang gedhe | c. tembang tengahan |
| b. tembang cilik | d. tembang para |
| 2. Iki tembang macapat, kajaba | |
| a. Pocung | c. Dhandhanggula |
| b. sluku-sluku bathok | d. gambuh |

Wangsulan nomer 1 :

Wangsulan nomer 2 :

Gambuh

Sekar gambuh ping catur,
Kang cinatur polah kang kalantur,
Tanpa tutur, katula-tula katali
Kadaluarsa katutuh,
Kapatuh pan dadi awon

3. Nitik saka reroncene tembang gambuh ing dhuwur ngandharake ...

- a. dolanan catur
- b. rembug desa
- c. polahe wong
- d. wong kalantur

Wangsulan nomer 3 :

4. Tembang gambuh guru gatrane cacahé ...

- a. 4
- b. 5
- c. 6
- d. 7

Wangsulan nomer 4 :

5. Guru lagune tembang gambuh gatra 4 yaiku ...

- a. wulu
- b. suku
- c. taling
- d. tarung

Wangsulan nomer 5 :

6. Wiwitane tembang gambuh iku guru wilangane cacahé ...

- a. 10
- b. 8
- c. 7
- d. 5

Wangsulan nomer 6 :

7. “tanpa tutur katula-tula katali”

Iku pethikan tembang gambuh gatra kaping ...

- a. 3
- b. 4
- c. 5
- d. 6

Wangsulan nomer 7 :

8. “sekar gambuh ping catur”

Tembang catur tegese ...

- a. 4
- b. 5
- c. 6
- d. 7

Wangsulan nomer 8 :

9. Tembang macapat cacahé ana ...

- a. 8
- b. 10
- c. 11
- d. 13

Wangsulan nomer 9 :

10. “isine tembang iku pitutur”

Pitutur tegese ...

- a. pituduh
- b. nasihat
- c. guyonan
- d. ngendikan

Wangsulan nomer 10 :